# ПУБЛИЦИСТИКАНЫҢ ЖАСЛАР ТӘРБИЯСЫНДАҒЫ ОРНЫ

**Қожықбаева З.А., Есбосынова Г.**

**Қарақалпақ мәмлекетлик университети, Нөкис**

**Аннотация:** Политическая культура и политическая грамотность не возникают одновременно. Прежде всего, это исходит из человеческого интереса. В статье отражены роль и значение книги в воспитании молодежи и вопросах государственной политики.

**Ключевые слова:** *политическая культура, образование, мир книги, книжная торговля.*

**Аннотация:** Сиёсий маданият ва сиёсиё саводхонлик бирдан бўлмайди. Биринчи навбатта инсоннинг қызиқишидан келиб чиқади. Мақолада ёшлар тарбиясиида китобнинг ўрни ва ахамияти туғрисада ва давлат сийсати масалалари ўз аксини топган.

**Калит сўзлар:** *сиёсий маданият, тарбия, китоблар олами, китоб савдоси*

Адамларда сиясий мәденияттың қәлиплесиўи өзине тән өзгешеликке ийе болады. Бундай өзине тәнликтиң сиясаттың, жәмийеттиң мәнәўий турмысында көриниўи арқалы инсан санасында хәр қыйлы болыўынан келип шығады. Сиясий мәдениятлылық хәм сиясий саўатлылық бирден болмайды. Биринши нәўбетте инсанның қызығыўшылығынан келип шығады.

Инсан улғайып барған сайын, жәмийет турмысында жүз берип атырған хәдийселердиң мәнисин, олардың келип шығыў себеплерин хәм ақыбетлерин әсте ақырынлық пенен аңлап барады хәм олар хаққында жетерли билимге ийе болады. Бул процессти тезлетип болмағанындай, тоқтатыў да мүмкин емес. Сиясий мәдениятқа тән белгилер жәмийеттиң барлық ағзаларында бир ўақытта қәлиплеспейди. Бул биринши нәўбетте оның қызығыўшылығына, екиншиден, уқыбына хәм үшиншиден, жеткерилиў усылына байланыслы болады.

Бизиң елимизде тәлим-тәрбия мәселеси дыққат орайдағы әхмийетли мәселе есапланады. Әсересе, жаслар тәрбиясы мәселе хаққында сөз еткенде, 2016-жылы Жаслар куратайы қатнасыўшыларына жоллаған кутлықлаўында 30-июль – «Өзбекстанда жаслар күни» деп белгилениўи мәмлекетимизде байрамлар санын және көбейте алды, десек асыра айткан болмаймыз. Баспасөзде де, жаслар хаққында тураклы сөз етиӯ дәстүрге айланды. «Еркин Қарақалпақстан» газетасының материаларын үйренгенимизде жаслар темасы дерлик хәр бир санында жарытылғанын көрдик. Әсиресе, 2017-жыл 12-январьда «Китап өнимлерин басып шығарыў хәм тарқатыў системасын раўажландырыў,китап оқыўды хәм китапқумарлық мәдениятын арттырыў, және үгит нәсиятлаў бойынша комиссия

дүзиў ҳаққында»ғы Президент бийлиги китапқумар жасларды бирлестире алды. «Китап-билим булағы» рубрикасы газетада турақласып қалды.

Қарақалпақстан жазыўшылар аўқамының баслығы Кеңесбай Каримовтың «Китап билим булағы ямаса Президент бийлигинен соңғы ойлар» мақаласы публицистика жанрының ең жақсы үлгиси. Онда жазыўшы тарийх ҳәм бүгинди бирлестирип китап ҳаққында пикирлери менен газета оқыўшыларына ой салады.

«Китап басып шығарыўды үйренген адамзаттың арғы бабалары жәмийеттиң раўажланыўына дәслепки қәдемин таслаған еди, десек қәтелеспеймиз. Бүгинги заманға дейинги узақ ҳәм машақатлы жол бәлким саз ылайға ойып түсирилген дәслепки белгилер, шумер дәўирлеринен басланған шығар», деген пикирлери үлкен философиялық мәнис-мазмунға ийе. Оның Президент бийлиги бойынша пикирлери арасында сын пикирлери де жәмленген. «Президентимиздиң бул бийлиги Қарақалпақстанлы жазыўшы-шайырлар менен баспа хызметкерлерине жоқары кейпият оятты. Кейинги жылларда авторларымызға китап шығарыў, кейин оны сатыў мәселеси машқалаға айланып қалғаны сыр емес» [2],деп бизде китап баспасы ҳәм китап саўдасы бойынша ислениўи керек болған машқалаларды ашық айдын баянлай алған. Бундай бийликтиң өз ўақтында шығыўы жәмийетлик турмысқа да өзиниң тәсирин тийгизиўине гүман жоқ.

«Китаплар қалың, жуқа ҳәм кишилигине қарап баҳаланбайды. Анық китаптың баҳасын суммаларла да көрсетиў қыйын. Себеби билим, әжайып пикир ҳәм тәжирийбелер бийбаҳа саналады»-деп жазады журналист Несибели Мамбетирзаева. Оның публицистикасы «Жансыз китаптағы жанлы ҳақыйқатлық» деп аталып газетаның 2-апрель №31санынан орын алған. Публицистика шын мәнисинде газета оқыўшысын тек темасы менен емес, мазмуны менен де услап турыў күшине ийе.

«Айтың, сиз ана болып, әке болып перзентиңизге қандай ертек китап оқып бергенсиз? Үйиңизде китап текшесин толтырып қойыпсыз ба? Балаңызға ақырғы мәрте қандай китап саўға еттиңиз? Қайсы китап бойынша перзентиңиз бенен пикирлестиңиз? Сиз өзиңизди китапқумар деп санайсыз ба?» деп толып тасып сораўларды газета оқыўшыларына таслайды да, өзи ҳәр бирине өзиниң басынан өткен, гейде китаптан оқыған, билгенлери ҳәм илгенлери туўралы ой елегинен өткизип пикирлерин баянлайды.

Газета оқыўшысы автор менен бирге өтмишке де, сырлы китаплавр әлемине де кирип кетеди. Көз алдына оның өскен аўылын да, устазларын да бирме бир келтире алады. Әлбетте, бул публицистика. Лекин оның да оқыўшыны тәрбиялайтуғын, ойландыратуғын тәрепи де бар екен. Газетада информациялық материаллар қатарында усындай публицистикалардың орын алыўы газета материалларының сапалығына, тәсиршеңлигине хызмет етеди.

«Президентимиздиң Қарақалпақстанға еткен сапары ўақтында 216 орынлық И.Юсупов атындағы инталы балалар мектебин шөлкемлестириўи ҳаққындағы

усынысы әдебиятымыздың уллы тулғасына көрсетилген үлкен итибар, келешегимизге болган ғамхорлық саналады»-деп автор бүгинги күнимизге баҳа береди, Президент бийлигиниң әҳмийетин ашып береди.

Несибели Мәмбетирзаеваның «Жансыз китаптағы жанлы ҳақыйқатлық» публицистикасынан соң газета оқыўшыларынан мақалалар редакцияға келип түсти. Өйткени, бул мақала К.Каримовтың мақаласының тиккелей даўамы есапланады. Газетада орын алған Алишер Қудияровтың «Китапханаға итибар –келешекке итибар» [3] Ә.Оразовтың «Руўхый азығымыз тийкары»[4], А.Артықбаевтың «Китап-билим булағы»[5], Ж.Төремуратованың «Тәрбия қуралы ямаса оқыўшыларды китап оқыўға үйретейик»[6] ҳәм басқа да мақалаларда китапқумарлық мәселеси, китапты қәдирлеў ҳәм илим алыўға бағдарлаўшы идея жәмленген. Китапхана жумысын жеделлестириў бойынша билдирилген пикирлер атамасында А.Қудияровтың «Китапханаға итибар-келешекке итабар» мақаласында жамленген. Мақала авторы Университетте китапхана дүзиў ислериниң тарийхы ҳаққында сөз етип, онда пидайылық пенен хызмет еткенлерди ҳүрмет пенен тилге алады. Китап фондын байытыў бойынша орынланған жумысларды айтып, өз тәжирийбеси менен ортақласады. Әлбетте, бундай мақалалар тек оқыўшыға ой салып коймастан, китапты қәдирлеўге баслайды, деп ойлаймыз.

Президентимиз айтқанындай: «*Жас әўладларымыздың қәлби ҳәм санасын таза сақлаў, оларды миллий ҳәм улыўмахалықлық қәдириятлар руўхында тарбиялаў, перзентлеримиздиң дүньяда жүз берип атырған сиясий процесслердиң мәнис-мазмунын, тийкарғы себеплерин тереңнен түсиниўи, өз әтирапында пайда болған ўақыялар ҳаққында ҳақыйқый мағлыўматларға, ең тийкарғысы, өзиниң жеке пикирине ийе, әпиўайы етип айтқанда, ақты қарадан ажырата алыўына ерисиўде тәлим-тәрбия ҳәм мәнаўий-мәрифий жумысларымыздың тийкарғы өлшеми ҳәм бағдары болыўы дәркар*» [1-38]. Ҳәр бир мәмлекеттиң шешиўши күши, бул әлбетте жаслар есапланады. Сонлықтан оларды ҳәр тәреплеме тәрбиялаўға барыўға тийкарғы күшлер қаратылған.

**Әдебиятлар:**


1. Мирзиёев.Ш.М. Танқидий таҳлил қатий тартиб-интизом ва шахсий жаврбгарчилик – ҳар бир раҳбар фаолиятиниг кундалик қоидаси бўлиши керек. Т., «Ўзбекистон» 2017.38-б
2. Каримов К. Китап билим булағы ямаса Президент бийлигинен соңғы ойлар. //Еркин Қарақалпақстан.2-февраль, 2017-жыл,№16
3. Қудияров А. Ктапханаға итибар –келешекке итибар// Еркин Қарақалпақстан. 2-май.2017.№43.
4. Оразов Ә. Руўхый азығымыз тийкары.// Еркин Қарақалпақстан.№27
5 . Артықбаев А.Китап-билим булағы// Еркин Қарақалпақстан. №31

6. Төремуратова Ж. Тәрбия қуралы ямаса оқыўшыларды китап оқыўға үйретейик./ Еркин Қарақалпақстан. №44.